



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI OTORIZE MOUN KI TE ELIJIB ODEPA YO MEN KI TE REFIZE ESTATI DELENKAN JIVENIL POU RE-APLIKE POU DEZIYASYON RETWOAKTIF

Lejislasyon (S.282/A.6769) otorize moun ki te kondane pou yon krim epi ki elijib pou estati delenkan jivenil men ki odepa te refize deziyasyon an pou re-aplike pou deziyasyon retwoaktif

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.282/A.6769) ki otorize moun ki te gen mwens pase 19 ane lè yo te kondane yo pou yon krim, epi ki elijib pou estati delenkan jivenil la, men te refize deziyasyon an pou re-aplike pou estati delenkan jivenil yon fason retwoaktif.

"Twòp Nouyòkè ki te fè move chwa nan jèn laj yo te oblije fè fas ak konsekans kondanasyon kriminèl pou tout lavi ki refize yo yon dezyèm chans nan yon lavi pwodikatif ak gratifyan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kominote yo pwospere kote chak manm gen opòtinite kontribiye epi li lè pou New York fè chanjman nesèsè pou asire tout moun gen yon posibilite jis pou reyisi. Gras ak lejislasyon sa a, nou kapab kounye a sipòte sila yo ki te aprann de erè yo nan elimine estigmatizasyon yon kondanasyon kriminèl epi ba yo opòtinite pou tounen sou pye yo".

Pou sila yo ki kondane pou yon krim lè yo gen mwens pase 19 ane, lwa Delenkan Jivenil New York la bay opòtinite pou kondanasyon yo a ranplase pa yon jijman konfidansyèl, ki pa kriminèl ak pèn prizon ki redui. Yon dosye kriminèl gen efè dirab, sa gen ladan prejije sosyete ak aksè limite pou travay - de obstak konsiderab pou reyensèsyon ki ogmante anpil posibilite pou rechite. Anpil nan sila yo ki gen mwens pase 19 ane lè yo te kondane epi ki elijib pou estati delenkan jivenil toujou pa jwenn li. Lejislasyon sa a otorize sila yo ki pa te jwenn deziyasyon sa a epi ki pa te kondane pou yon lòt krim nan omwen senk dènye ane yo depi pèn orijinal yo a pou aplike pou deziyasyon retwoaktif estati delenkan jivenil lan.

Deklarasyon Senatè Zellnor Myrie, "Kominote nou yo pi solid ak pi sekiritè lè moun yo gen yon posibilite jis pou yon dezyèm chans. Jèn moun yo souvan pote konsekans yon kondanasyon kriminèl pou tout lavi, epi lejislasyon sa a ap otorize yo aplike nan tribinal ki detèmine pèn yo pou yon nouvo detèminasyon estati delenkan jivenil. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul, Manm Asanble Hyndman ak anpil defansè ak aktivis

ki te pataje istwa yo, epi mwen pa ka tann pou kontinye batay pou ekite, sekirite ak yon sistèm jistis ki nan wotè ideyal ki pi wo nou yo".

Manm Asanble Alicia Hyndman, te deklare, "Jèn yo ta dwe trete konsa nan sistèm legal nou an. Lejislasyon sa a k ap tounen lwa a ap bay moun ki kondane anvan yo gen 19 ane, yon dezyèm chans enpòtan pou kite estigmatizasyon yon dosye kriminel dèyè. Mwen ta renmen remèsye kòlèg mwen, Aravella Simotas, pou defans san pran souf li pou lejislasyon sa a pandan plizyè ane".

###

Lèt nouèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418